

Kijan pou Prevni ak Debarase w ak Mwazi nan Kay la



NYC

Department of
Health & Mental
Hygiene

Department of
Housing Preservation
and Development

**Mwazi se yon kalite chanpiyon ou kapab
jwenn ni andedan ni deyò kay. Yo souvan jwenn
Etazini plizyè santèn diferan kalite mwazi,
san wete nan Vil New York. Mwazi ka grandi
nan zòn ki imid oswa ki mouye nan kay la.
Ekspozisyon ak mwazi ka lakòz reyakson alèjik
oswa ka deklanche atak opresyon. Erezman,
yo ka kontwole mwazi nan repare pwoblèm dlo
ki kache a, tankou repare fwit oswa diminye
imidite, epi netwaye mwazi ou ka wè.**



Kijan mwen ka idantifye mwazi?

- Mwazi ka gen anpil koulè diferan tankou gri, nwa, vèt, jòn oswa jòn abriko.
- Mwazi ka parèt gen pwal, glise oswa tankou poud.
- Gen kèk kote mwazi a gen sant kanni, rasi, oswa gen sant tè.

Kikote mwazi devlope?

- Yo ka jwenn mwazi prèske tout kote ki gen dlo, ki gen anpil imidite oswa ki nan kondisyon ki imid, tankou nan douch ak sousòl.
- Mwazi ka devlope sou papye, twal, lakòl tapi miray, albòd, bwa, kras savon, kui ak anpil lòt sifas.
- Mwazi grandi pi vit nan kote ki gen tanperati cho ak kote ki gen anpil imidite.

Kijan mwen kapab ekspoze ak mwazi?

- Ou ka aspire patikil mwazi si mwazi a pètibe oswa andomaje.
- Ou ka aspire tou ti mikwòb dòman (menm jan ak ti gress) mwazi a ka lage nan lè a.



Ki efè mwazi yo genyen sou sante?

- Moun ki alèjik oswa sansib ak mwazi ka gen sentòm tankou konjesyon, tous ak nen k ap fè larim.
- Ekspoze nan mwazi ka lakòz sentòm opresyon yo vin pi mal oswa deklannche atak lakay moun ki gen opresyon.
- Gen kèk moun ki gen risk fè reyakson ki pi grav ak mwazi, tankou moun ki:
 - Ekspoze ak anpil kantite mwazi nan travay (tankou moun k ap travay nan demolisyon biling yo)
 - Te fè oswa sibi sèten pwosedi medikal (tankou chimyoterapi oswa fè grèf mwèl zo oswa grèf ògàn)



Si ou panse ou genyen oswa yon manm fanmi w genyen sentòm akòz ekspozisyon nan mwazi, pale ak pwofesyonèl swen sante ou. Pou èd pou jwenn yon founisè, rele **311** oswa 844-692-4692.

Kijan mwen ka anpeche mwazi devlope?

- Ranje fwit yo. Si ou se yon lokatè, rapòte pwoblèm nan bay mèt pwopriyete a.
- Seche zòn ki imid yo.
- Sèvi ak yon vantilatè evakyasyon oswa yon aparèy pou elimine imidite nan lè a.
- Louvri yon fenèt oswa yon pòt apre w fin benyen si douch ou a pa genyen yon vantilatè.
- Louvri yon fenèt nan kwizin ou an pandan w ap kwit manje.

Kijan mwen ka elimine mwazi nan kay mwen?

Pwopriyetè bilding prive ki gen twa (3) oswa plis apatman oswa bilding nenpòt gwo sè kote yo te dyagnostike yon lokatè gen opresyon ki pèsistan dwe kenbe lojman lokatè a san mwazi. Gade seksyon Plis Enfòmasyon an ki nan do bwochi sa a.

Pou zòn mwazi ki pi piti yo (mwens pase 10 pye kare):

- Itilize dlo ak savon oswa detèjan pou netwaye mwazi sou mi yo oswa lòt sifas ki di. Lave epi seche rido douch yo.
- Mete gan enpèmeyab pandan w ap netwaye.
- Seche kote ki netwaye yo konplètman.
- Jete nenpòt eponj oswa nenpòt tòchon ki te itilize pou netwaye mwazi.

Pou pi gwo zòn ki gen mwazi yo (10 pye kare oswa plis oswa mwazi ki retounen byen vit apre w fin netwaye I):

- Si ou se yon lokatè, rapòte pwoblèm nan bay mèt pwopriyete a. Si pwoblèm nan pa rezoud, rele **311**.



Pou w Ka Jwenn Plis Enfòmasyon

Pou jwenn plis enfòmasyon sou mwazi:

- Rele **311** oswa ale sou **nyc.gov/health** epi chèche “**mold**” (**mwazi**).
- Ale sou **epa.gov/mold**.
- Ale sou **epa.gov/mold**.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou responsablite pwopriyetè a ak fason pou rezoud pwoblèm mwazi san danje ak lòt danje alèjèn andedan kay la:

- Ale sou **nyc.gov/hpd** epi chèche “**mold and pests**” (**mwazi ak bèt nwizib**).

Pou jwenn yon lis kontraktè mwazi nan Eta New York ki gen lisans Depatman Travay:

- Ale sou **dol.ny.gov/mold-program** epi klike sou “**licensing**” (**pèmi**).

